**दिन—गुरूवार** **दिनांक—24.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे पहलगाम मे आतंकी हमला के दोषी सभ के छोड़ल नहि जायत। श्री मोदी कहलनि जे मधुबनी के झंझारपुर मे राष्ट्रीय पंचायती राज दिवस के अवसर पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत कहलनि जे भारत एहि हमला मे शामिल हर एक दोषी के चुनि—चुनि के सजा देत। ओ कहलनि जे आतंकी सभ एहेन सजा के कल्पना तक नहि कऽ सकैत अछि। श्री मोदी पहलगाम आतंकी हमला मे मारल गेल लोकसभ के प्रति संवदेना व्यक्त करैत कहलनि जे आइ पूरा देश दुःखी अछि। ओ देशवासी सभ के विश्वासक संग कहलनि जे एहि मामिला मे आइ पूरा देश एकजुट अछि। प्रधानमंत्री अपन संबोधन सँ पहिने मौन धारन कऽ मृतक सभ के श्रद्धांजलि देलनि।

---

प्रधानमंत्री श्री मोदी आइ मधुबनी जिलाक झंझारपुर अंतर्गत विदेश्वर स्थान गाम मे तेरह हजार चारि सय अस्सी करोड़ रूपैया सँ बेसी के कतेको विकास परियोजना के शुभारंभ आओर आधारशिला रखलनि। आठ सय सत्तरि करोड़ रूपैया के लागति बला रेल परियोजना के उद्घाटन कयलनि आओर चारि टा रेलगाड़ी के हरी झंडी देखौलनि। प्रधानमंत्री जयनगर आओर पटना के बीच नमो भारत रैपिड रेल संगहि सहरसा आओर मुम्बई के लोकमान्य तिलक टर्मीनल के बीच अमृत भारत एक्सप्रेस के वीडियों कॉन्फ्रेंस के माध्यम सँ झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। देश मे ई दोसर नमो भारत रेलगाड़ी अछि। ओतहि, अमृतभारत के तेसर रेल सेवा शुरू कयल जा रहल अछि। श्री मोदी सहरसा सँ पिपरा आओर समस्तीपुर सँ सहरसा के बीच दू टा पैसेंजर रेलगाड़ी के झंडा देखौलनि। प्रधानमंत्री कार्यक्रम के दरमियान सुपौल सँ पिपरा, हसनपुर सँ बिथना आओर खगड़िया सँ अलौली के बीच रेल लाईन के उद्घाटन कऽ राष्ट्र के नाम कयलनि। प्रधानमंत्री मेट्रो परियोजना पर सेहो चर्चा कएलनि।

---

प्रधानमंत्री मिथिलांचल आओर कोसी क्षेत्र मे प्रत्येक वर्ष आबय बला बाढ़ि सँ तबाही पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे एहि पूरा क्षेत्र मे एगारह हजार करोड़ रूपैया के लागत सँ

नहर आओर बांध के निर्माण कयल जायत। बागमति, धार, बूढी गंडक आ कोसी पर बांध बनत। एहि सँ बाढि पर नियंत्रण होयत आओर किसान सभ कैँ लाभ भेटत।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महिला जनप्रतिनिधि के भूमिका के सराहना करैत कहलनि जे पंचायती राज व्यवस्था के माध्यम सँ आइ लाखो गरीब, दलित, पिछड़ा वर्ग के महिला समाज सेवा के काज कऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे जीविका दीदी के माध्यम सँ बिहार मे लाखो महिला आत्मनिर्भर भऽ रहल छथि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सभा के संबोधित करैत कहलनि जे कहलनि जे राज्य मे एनडीए सरकार के गठन के बाद विकास के काज तेजी सँ कयल जा रहल अछि। ओ लोकसभ सँ अपील कयलनि जे राज्य मे सुशासन के सरकार के आओर मजबूत कयल जाय। एहि दरमियान राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, सभा मे जदयू के कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, जीतनराम मांझी, चिराग पासवान, गिरिराज सिंह सहित एनडीए के कतेको सांसद, विधायक आओर बहुत पैघ संख्या मे कार्यकर्ता सभ छलैथ।

———————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग में अत्यधिक गर्मी पड़ि रहल अछि। सिवान, सारण, गोपालगंज, पंश्चिम चंपारण, बक्सर, भोजपुर, रोहतास, भभूआ समेत राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको स्थान पर अधिकतम पारा चौवालीस डिग्री सेल्सियस धरि पहुंच गेल अछि। मौसम विभागक अनुसारे अगला दू दिनक दरमियान पारा मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि वृद्धि होयबाक अनुमान अछि। कतेको स्थान पर झुलसबय बला गर्म हवा के कारणे जनजीवन प्रभावित भेल अछि। एम्हर, विभागक अनुसारे छब्बीस अप्रील सँ किशनगंज, अररिया, पूर्णियां, कटिहार समेत राज्यक पूर्वी इलाका मे कतेको स्थान पर आंधी–बिहारि, मेघगर्जन आओर वज्रपातक संभावना जताओल गेल अछि। जकर प्रभाव सँ एहि क्षेत्र मे तापमान मे कमी आओत आओर लोकसभ कैँ गर्मी सँ राहत भेटत।

———————————————————————

राष्ट्रकवि रामधारी सिंह दिनकर के आइ एकावनवीं पुण्यतिथि छनि।

———————————————————————

समाप्त